# STUDENTLERDE FAMILISTIK MÁDENIYATTI RAWAJLANDIRIW METODIKASI

**Nagmetova N.M.**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI*
*Baslawısh tálim kafedrası docent, p.if.doktorı (PhD)*

**Tayanch so'zlar:** tarbiya, tarbiya fani, qadriyat, axloq, familistik mádeniyat.
**Ключевые слова:** воспитание, педагогическая наука, ценности, мораль, фамилистическая культура.
**Key words:** upbringing, pedagogical science, values, morality, familistic culture.

**РЕЗЮМЕ:**
Ushbu maqolada talabalarda familistik madaniyatni rivojlantirish uchun samarali metodikalar va oilaviy qadriyatlar haqida so'z etiladi bayon etilgan.
**РЕЗЮМЕ:**
В данной статье рассказывается об эффективных методах и семейных ценностях для развития фамилистической культуры у студентов.
**SUMMARY:**
This article describes effective methods and family values for developing familistic culture among students.

Házirgi dáwirde mámleketimizde tárbiyalıq islerdiń mazmunı bárkámal áwladtı qáliplestiriwge qaratılǵan. Respublikamızda salamat hám bárkámal áwladtı tárbiyalaw, jaslardı XXI ásir talaplarına tolıq juwap beretuǵın hár tárepleme rawajlanǵan shaxs sıpatında tárbiyalaw ushın zárúr shárt-sharayatlar hám imkaniyatlar jaratılǵan.

Tárbiya degenimizde oqıwshı shaxsın sanalı túrde úylesikli rawajlandırıwdı maqset etken bir pútin pedagogikalıq procestiń, olarda ulıwma insanıy hám milliy pazıyletlerdi, milliy ǵárezsizlik ideyasın, ideologiyanı, xarakter menen erk qásiyetlerin, minez-qulıq, kónlikpe hám ádetlerin qáli plestiriwge qaratılǵan tárepleri túsiniledi [3].

Tárbiya insan shaxsın qáliplestiriw, onıń social, siyasiy, mádeniy turmıstaǵı belsendi qatnasın támiyinlewge qaratılǵan barlıq tásirler, ilajlar, háreketler, umtılıslar kompleksin ańlatadı. Tárbiya tek ǵana shańaraq, mektep, balalar hám

jaslar shólkemlerinde alıp barılatuǵın procesler bolıp ǵana qalmay, onıń jetekshi ideyaları ǵalabalıq xabar quralları, gazeta hám jurnallar arqalı sińdirilgen ideologiyanı da óz ishine aladı. Tálim - tárbiya arqalı shaxsta iygilikli ruwxıy, ádep-ikramlılıq sıpatlar quram tabadı.

Familistik mádeniyat – bul shańaraq qádiriyatları, dástúr hám úrp-ádetlerge tiykarlanǵan sociallıq struktura bolıp, jámiyettiń bekkemligin támiyinleydi. Ózbekstanımız sıyaqlı dástúriy mádeniyatqa iye mámleketlerde familistik qádiriyatlardı rawajlandırıw, jas áwlad tárbiyasında úlken áhmiyetke iye.

Studentlerde familistik mádeniyattı rawajlandırıw ushın nátiyjeli metodikalar haqqında toqtalıp ótemiz.

1. Shańaraqtaǵı qádiriyatlardı úyreniw: Studentlerge shańaraqtıń sociallıq áhmiyetin túsindiriw zárúr. Bul proceste tómendegi metodlardan paydalanıwımız múmkin:

Seminarlarda qatnasıw: Shańaraq hám onıń roli haqqında seminarlar ótkeriw, studentlerge shańaraq qádiriyatları haqqında túsindiriw.

Izertlew jumısların alıp barıw: Oqıwshılardı shańaraq qádiriyatları boyınsha óz betinshe izertlewler alıp barıwǵa shaqırıw.

2. Dástúriy mádeniyattı rawajlandırıw. Studentlerde dástúriy qádiriyatlardı rawajlandırıw ushın tómendegi jumıslar ámelge asırılıwı múmkin:

Mádeniy is-ilájlar: Jergilikli festival hám bayramlarda qatnasıw, ózbek, qaraqalpaq xalıq dástúrlerin tanıstırıw.

Kórkem óner hám ádebiyat: Dástúriy kórkem óner túrleri hám ádebiyat úlgileri menen tanıstırıw, oqıwshılardı bul tarawlarda jumıs islewge xoshametlew. Shańaraq temasındaǵı gúrrińler, ertekler hám qosıqlardı oqıtıw. Bunday kórkem shıǵarmalar arqalı studentlerde shańaraq qádiriyatlarına bolǵan húrmet hám itibardı arttırıw múmkin.

3. Interaktiv iskerlik. Studentlerde shańaraqtaǵı baylanıslardı bekkemlew ushın interaktiv háreketler júdá nátiyjeli boladı:

Toparlarda dodalaw: Shańaraq hám shańaraq qádiriyatları haqqında pikir alısıw.

Shańaraq is-ilájları: Studentler arasında shańaraq dástúrlerin yadlaw hám olarǵa baylanıslı is-ilájlar ótkeriw. Oqıwshılarǵa shańaraqtaǵı qıyınshılıqlar, mashqalalar haqqında toparda pikirlesiw imkaniyatın beriw. Bul olardıń pikirlerin bildiriw, óz-ara pikirlesiw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

4. Shańaraq penen birge islesiw: Shańaraq hám bilimlendiriw mákemeleri arasında ornatılǵan birge islesiw studentlerde familistikalıq qádiriyatlardı rawajlandırıwda áhmiyetli rol oynaydı.

Ata-analar ushırasıwları: Studentler hám olardıń ata-anaları arasında pikirlesiwdi xoshametlew.

Shańaraq iskerliklerin qollap-quwatlaw: Ata-analar menen birgelikte oqıwshılardıń rawajlanıwın baqlaw hám qollap-quwatlaw. Muǵallimler shańaraqlıq is-ilájlar, kórgizbeler yamasa kórkem óner islerin shólkemlestiriwi múmkin. Shańaraq aǵzaların sabaq procesine tartıw arqalı olar menen úyrenilip atırgan temalardı dodalaw.

5. Tarbiya hám etika shınıǵıwları: Studentlerge ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı úyretiw, olardıń tárbiyasın támiyinlew áhmiyetli.

Ádep-ikramlılıq sabaqları: Shańaraq hám jámiyettegi juwapkershilikti, húrmet hám mehir-muhabbattı úyretiw.

Rolli oyınlar: Shańaraq aǵzaları rolin atqarıw arqalı shańaraqlıq baylanıslardı bekkemlew. Studentlerge familistik mádeniyat, shańaraq tárbiyasınıń áhmiyeti, shańaraq aǵzalarınıń ózgeshelikleri haqqında sabaqlar ótkeriw. Bul arqalı studentlerge shańaraqtıń tiykarǵı wazıypaları hám juwapkershilikleri túsindiriledi. Studentlerdi hár túrli rollerde, máselen, ata, ana yamasa bala sıpatında oynatıw. Bunda óz ara qatnasıqlardı, sezimlerdi hám shańaraqlıq úlgilerdi úyreniw múmkin.

6. Shańaraq qádiriyatların dodalaw: Studentlerge shańaraq qádiriyatları haqqında sorawlar beriw hám bul temada sáwbetler ótkeriw. Mısalı, "Sizdiń pikirinizshe, shańaraq degenimiz ne?" yamasa "Siziń shańaraǵıńızda qanday dástúrler bar?" sıyaqlı sorawlar menen olardı belsene qatnasıwǵa shaqırıw.

Bul metodikalar studentlerge shańaraqtıń áhmiyetin túsiniwge hám familistik mádeniyatın rawajlandırıwǵa járdem beredi. Óz gezeginde, bul process bilimlendiriwdiń áhmiyetli bólegi bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, studentlerde familistik mádeniyattı rawajlandırıw olardıń jeke hám sociallıq rawajlanıwında úlken áhmietke ie. Bul metodikalar arqalı jas áwladtıń shańaraq qádiriyatların túsiniwi hám olardı turmısta qollanıwı támiyinlenedi. Shańaraq – jámiyettiń tiykarǵı tayanıshı, sonıń ushın studentlerde shańaraq qádiriyatların rawajlandırıw, olardı bekkemlew hám saqlap qalıw turaqlı itibardı talap etedi.

**Ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining qarori 2020-yil 6-iyuldagi “Umumiy o‘rta ta’lim muassasalarida “Tarbiya” fanini bosqichma-bosqich amaliyotga joriy etish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi 422-son Qarori.

2. R.A.Mavlonova, N.H.Rahmonqulova, K.O.Matnazarova, M.K.Shirinov, S.Hafizov., Umumiy pedagogika . - T .: «Fan va texnologiya», 2018, 528 bet.

3. Pedagogika teoriyası. [Matn] / A. Pazılov [va boshq.] - Toshkent, «Noshir» 2018 j. 456 bet.